

BAB III

MÉTODELOGI PANALUNGTIKAN

Anu baris dipedar dina ieu bab nya éta ngeunaan métode jeung téhnik panalungtikan populasi, sampel jeung instrumen panalungtikan sarta léngkah-léngkah ngagarap skripsi.

3.1. Métode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1. Métode Panalungtikan

Dumasar kana masalah jeung tujuan nu hayang kahontal, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif nya éta métode anu bisa ngukulan pasualan-pasualan anu aktual ku jalan ngumpulkeun data, ngelompokkeun data, ngaanalisis jeung nafsirkeun data (Surakhmad, 2004:140)

Tujuan digunakeunana ieu métode nya éta sangkan kahontalna panalungtikan ngeunaan hal-hal anu méré pituduh ayana ajén moral ngaliwatan pamikiran anu kritis.

3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik mangrupa operasionalisasi tina métode pikeun ngahontal tujuan.

Sangkan tujuan ieu panalungtikan bisa kahontal, digunakeun téhnik ulikan pustaka jeung téhnik analisis struktural.

3.2. Populasi jeung Sampel

Nurutkeun Sudjana (1987: 84) Populasi nya éta :

“Populasi maknanya berkaitan dengan elemen, yakni tempat diperolehnya informasi, elemen tersebut bisa berupa individu, keluarga, rumah tangga, kelompok

sosial, sekolah, kelas, organisasi, dll. Dengan kata lain populasi adalah kumpulan dari sejumlah elemen-elemen.”

Dumasar kana katerangan di luhur, populasi dina ieu panalungtikan nya éta novél *Payung Butut* karya Ahmad Bakri.

Sudjana (1987: 72) nétélakeun yén :

“Sampel ditentukan oleh peneliti berdasarkan pertimbangan masalah, tujuan, hipotesis, metode, dan instrumen penelitian”.

Ari sampel dina ieu panalungtikan téh nya éta ajén moral dina novél *Payung Butut* karya Ahmad Bakri. Jadi, sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sampel total.

3.3. Instrumen Panalungtikan

Sangkan gampang dina léngkah-léngkah ngaanalisis, disadiakeun tabél-tabél analisis. Ku cara kitu panalungtikan bisa dilaksanakeun sacara sistematis.

Aya dua (2) tabél analisis dina ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Tabél hiji (1), tabél analisis anu eusina inventarisasi indikator ajén moral tina sampel dingaranan tabél indikator ajén moral
- 2) Tabél (2), tabél anu mangrupa hasil sakabéh indikator tina sampel dingaranan tabél raguman indikator ajén moral. Tabél (2) diayakeun sangkan gampang dina nyieun kacindekan hasil analisis.

Perlu dijéntrékeun, indikator nya éta sagala pituduh kana ayana ajén moral dina karya, ngawujud mangrupa tindakan, ucapan, pamikiran, sipat watek jeung pituduh-pituduh lianna. Indikator jadi instrumen dina ngungkab ajén moral.

Ieu dihandap tabél-tabél anu dimaksud bisa katitén

Tabél Hiji (1) Indikator Ajén Moral

No	Indikator					Norma	Ajén moral
	Kaca	Ciri Ajén	+/-	V/H	E/I		
1	2	3	4	5	6	7	8

Katerangan

+ : Indikator Positif

- : Indikator Negatif

E : Eksplisit (Nembrak)

I : Implisit

V : Vertikal

H : Horizontal

Tabél Dua (2) Raguman Indikator Ajén Moral

No	Indikator		+	-	Jml	%
	Ajén moral					
1	2	3	4	5	6	7
		V				
		H				
		V				
		H				
		H				
	Jml					
	Jml	V				
		H				
	Jml					
	%					

Keterangan

- | | | | |
|---|---------------------|---|--------------|
| + | : Indikator Positif | V | : Vertikal |
| - | : Indikator Negatif | H | : Horizontal |

3.4. Léngkah-léngkah Ngagarap Skripsi

3.4.1. Tatahar

- a. Nangtukeun masalah jeung objek panalungtikan;
- b. Ngayakeun talaah pustaka;
- c. Ngasongkeun usulan panalungtikan;
- d. Konsultasi jeung dosen pangaping

3.4.2. Ngumpulkeun data

- a. Talaah novél karya Ahmad Bakri;
- b. Talaah ajén moral dina novél *Payung Butut* karya Ahmad Bakri;
- c. Konsultasi jeung dosen pangaping.

3.4.3. Ngolah Data

- a. Déskripsi novél *Payung Butut* karya Ahmad Bakri;
- b. Déskripsi Ajén moral dina novél *Payung Butut* karya Ahmad Bakri;
- c. Konsultasi jeung dosen pangaping.

3.4.4. Nyusun Laporan

Proses jeung hasil panalungtikan disusun laporanana dina wangun skripsi.